

Bhaibheri Revana
Kuvapo

Zvishamiso zvaJesu



Yakanyorwa na: Edward Hughes

Zvakaratidzwa na: Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

Yakadziridzwa ne: E. Frischbutter; Sarah S.

Yakaturikirwa na: christian-translation.com

Yakagadzirwa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2022 Bible for Children, Inc.

Rezinesi: Une kodzero yekukopa kana kudhinda nyaya iyi,
chero ukasaitengesa.


1

Jesu akaita minana yakawanda. Zvishamiso zvaiva zviratidzo zvakuratidza kuti Jesu Mwanakomana waMwari zvechokwadi. Chishamiso chakaitika pamuchato. Dambudziko rakamuka. Pakanga pasina waini munhu wose.



2

Maria, mai vaJesu, akamuudza nezvedambudziko racho, ipapo akaudza varanda kuti vaite chipi kana chipi naJesu.



3

"Zadzai hari idzi nemvura," Jesu akadaro. "Mvura?" vangadaro vakabvunza. Hungu, mvura ndiyo yakakumbirwa naJesu.



4

Jesu akabva audza muranda kuti atore muhari huru orega mutariri wemabiko airavira. Mvura yakanga zvino yava waini! Waini yakanaka! Waini yakanakisisa!



5

Varanda vakashamiswa. Jesu akanga ahandura mvura kuita waini. Mwari chete ndiye aikwanisa kuita zvakadaro.




6

Jesu akaita zvimwe zvimwe. Mamwe manheru, Iye nevadzidzi vake vakaenda kumba kwaPetro. Mai vomukadzi waPetro vakanga vachirwara nefivha.



7

Jesu akabata ruoko rwemukadzi airwara. Nechinguvana akabva apora zvakare. Akasimuka kuti ashumire Jesu nevadzidzi vake.




8

Zvaiita sokuti guta
rose rakanga
rakaungana pasuo
manheru iwayo.
Vanhu vairwara
vakauya - mapofu,
matsi, mbeveve,
zvirema. Kunyange
vanhu vaiva vaigara
mavari kuna
Jesu. Anogona
vakawanda
kudaro here?




9

Jesu, Mwanakomana waMwari, aigona kubatsira.
Jesu akabatsira. Vose vaiuya kwaari vakaporeswa.
Vanhu vaikweva upenyu hwavo nemadondoro vakanga
vava kukwanisa kufamba uye kumhanya uye
kusvetuka.



10

Vamwe vakauya,
vakanga vaitwa
vakashata
namaperembudzi.



11

Vakava vakakwana
uye vakachena sezvo
Jesu akavaporesa.




12

Varume nevakadzi vaitambudzwa nemadhimoni
vakamira
pamberi
paJesu.
Akarayira
madhimoni
kuti abve
pavari. Sezvo
madhimoni
akateerera,
vanhu vanotyva,
vasingafari
vakava
vakadzikama
uye vanofara.



13

Mumashure meboka, varume vana vakaedza
kubatsira shamwari yavo kuna Jesu. Asi havana
kukwanisa kuswederera pedyo. Chii chavaigona kuita?



14

Dzichitakura murume airwara kuenda naye padenga remba, shamwari ina dzakatendeka dzakadzura denga racho napakati ndokumudzikisa pasi. Zvino akanga ava pedyo naJesu.




15

Jesu akaona kuti shamwari ina dzakanga dzine kutenda. Akati kumunhu airwara, "Zvivi zvako zvaregererwa. Tora rukukwe rwako ufambe." Murume akasimuka, akasimba. Jesu akanga amuporesa.




16

Nguva pfupi yapfuura, Jesu akanga ari mugwa nevadzidzi vake. Dutu rinotyisa rakavhuhuta gungwa. Jesu akanga avete. Vadzidzi vakatya vakamumutsa. "Ishe, tiponesei," vakadanidzira kudaro. "Tinoparara!"



17

"Nyarara," Jesu akaraira masaisai. Pakarepo, gungwa rakadzikama. "Murume rudzii uyu?" Vadzidzi vake vakazevezera. Kunyange mhengo negungwa zvinomuteerera. Vaitenda kuti Jesu aive Mwanakomana waMwari nekuti zvishamiso zvake zvairatidza kubwinya kwake. Vadzidzi vaisazviziva, asi vaizoono Jesu



18

achiita zvishamiso zvakatokura sezvaishumira Mwari pakati pevanhu.

Zvishamiso zvaJesu


Nyaya inobva muShoko raMwari, Bhaibheri,

inowanikwa mu

Mateo 8-9, Mako 1-2, Mako 4,
Ruka 4, Ruka 8, Johane 2

"Kupinda kweMashoko enyu kunopa chiedza."
Pisarema 119:130

19



40



60 20

Nyaya yomu Bhaibheri iyi inotiudza nezvaMwari wedu anoshamisira akatisika uye anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti takaita zvinhu zvakaipa, zvaanoti kutadza. Murango wechivi rufu, asi Mwari vanokuda zvikuru vakatuma Mwanakomana wavo mumwe chete, Jesu, kuti afire pamuchinjikwa agorangwa nokuda kwezvivi zvako. Ipapo Jesu akamuka uye akaenda kumusha Kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuti akuregerere zvivi zvako, anozviita! Achauya ogara mauri iko zvino, uye iwe uchagara naye nokusingaperi.

Kana uchitenda kuti ichi ndicho chokwadi, taura izvi kuna Mwari: Jesu anodikanwa, ndinotenda kuti muri Mwari, mukava munhu wokufira zvivi zvangu, uye zvino mava kurarama zvakare. Ndapota huyai muhupenyu hwangu mundiregerere zvitadzo zvangu, kuti ndive nehupenyu hutsva ikozvino, uye rimwe zuva ndigova nemi nokusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteererei uye ndikuraramirei semwana wenyu. Ameni.

Verenga Bhaibheri uye taura naMwari zuva nezuva! Johani 3:16